

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Unsur sémiotik nu aya dina upacara rewahan nya éta gambaran maksud jeung tujuan nu aya dina upacara adat anu disilokakeun ngaliwatan ikon, indéks, jeung simbol. Lian ti éta, ieu panalungtikan pikeun mikanyaho kumaha lumangsungna upacara rewahan, pikeun mikanyaho unsur sémiotik dina upacara rewahan, pikeun nambahana pangaweruh, jeung pikeun ngamumulé budaya nu aya di sabudeureun panalungtik.

Pikeun nyangking data ngeunaan unsur sémiotik dina upacara rewahan, panalungtik ngagunakeun téori sémiotik modél Pierce. Éta modél Pierce ngawengku tilu unsur nu aya dina unsur sémiotik, nya éta ikon, indéks, jeung simbol. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif kualitatif, nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajéntrékeun unsur sémiotik dina upacara rewahan nu aya dina waktu lumangsungna upacara rewahan, prak-prakan upacara rewahan, kalengkepan upacara rewahan, jeung kadaharan atawa sasajén upacara rewahan anu miboga harti séwang-séwangan, sangkan kaguar harti jeung tujuan diayakeun upacara rewahan.

Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan ngagambarkeun ngeunaan: (1) sajarah upacara rewahan, (2) prak-prakan upacara rewahan, (3) unsur semiotik dina upacara rewahan, jeung (4) hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran di SMA kelas XII.

Sajarah upacara rewahan dimimitian ku Rama Éyang Sunan Manyak dina tanggal 15 Rewah 1417 Hijriah. Ku kituna, upacara rewahan diayakeun pikeun miéling ulang taun jeung wapatna Rama Éyang Sunan Manyak. Lian ti miéling ulang taun jeung wapatna Rama Éyang Sunan Manyak, ieu upacara ogé pikeun miéling wapatna panday Jaya Wiguna, nya éta panday nu munggaran aya di ieu wewengkon.

Prak-prakan upacara rewahan dimimitian ku diayakeun sawala para panday. Saméméh upacara rewahan diayakeun, dina peutingna saméméh tanggal

15 Rewah (24 Juni 2013) diayakeun *Sidaroha*. Isukna meuncit embé, tuluy dipisahkeun daging jeung hulu embéna. Hulu embéna dibeuleum tuluy dijadikeun sasajén, dihijikeun jeung sasajén nu séjénna, ditunda di gigireun Pasaréan Rama Éyang Sunan Manyak. Ari daging embéna diasakan ku juru pasak, tuluy dijieun saté. Acara inti dina upacara rewhahan nya éta ngado'a babarengan, ngado'a pikeun arwah karuhun nu geus maraot. Dimimitian ku acara solawatan, maca surat Yasin, jeung do'a-do'a séjénna. Acara panutup dipungkas ku do'a, tuluy masarakat nu ilubiung dina upacara rewhahan asup pikeun jarah ka makam Rama Éyang Sunan Manyak. Sanggeus beres tuluy ngabagikeun sasajén jeung daging embé nu disaté ka masarakat nu mawa tumpeng jeung kadaharan.

Data nu mangrupa tempat upacara rewhahan, waktu upacara rewhahan, jeung sasajén dianalisis dumasar sémiotik modél Sander Pierce, anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Dumasar hasil analisis kapanggih aya 56 unsur sémiotik, nu ngawengku 6 ikon, 8 indéks, jeung 42 simbol. Unsur sémiotik dina upacara rewhahan aya dina tempat upacara rewhahan, waktu lumangsungna upacara rewhahan, prak-prakan upacara rewhahan, kalengkepan upacara rewhahan, jeung sasajénna upacara rewhahan, anu miboga harti séwang-séwangan. Tina hasil analisis unsur sémiotik, kapaluruh. Ikon nu kapaluruh tina tempat upacara rewhahan, pakakas jeung jalma nu ilubiung dina ieu upacara, indéks aya dina waktu lumangsungna jeung prak-prakan upacara rewhahan. Ari simbol lolobana aya dina prak-prakan jeung sasajén. Pakakas anu digunakeun dina upacara Rewahan di antarana bedog, kawali, suluh, jeung kaén bolas atawa nu sok disebut boéh. Lian ti éta, dina simbol-simbol dina Upacara Rewahan aya dina sassajén, di antarana congcot, hulu embé, daging embé, endog asin, sangu ketan jeung endog asin, sangu konéng jeung goréng endog, kupat keupeul, sangu tumpeng jeung goréng hurang, jsb. Éta simbol nu aya dina pakakas anu digunakeun jeung dina sasajén miboga ma'na sewang-sewangan.

Hasil panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik dina upacara rewhahan di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA. Lantaran dina simbol-simbol nu aya dina upacara rewhahan miboga harti jeung ma'na pikeun kahirupan urang Sunda.

## 5.2 Saran

Sanggeus ditalungtik loba pisan mangpaat tina upacara rewahan, boh keur nu nyusun boh keur masarakat Désa Taraju. Panalungtik bisa mikawanoh unsur sémiotik dina upacara rewahan. Lian ti éta panalungtik bisa mikawanoh sajarah upacara rewahan jeung kumaha prak-prakan upacara rewahan. Sangkan ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun aya sababaraha saran nu ditujukeun ka: (1) masarakat, (2) guru, jeung (3) siswa.

- 1) Masarakat, dipiharep leuwih reueus kana kabudayaan nu aya di sabudeurnana. Lian ti éta, masarakat Sunda dipiharep babarengan ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan nu aya di tatar Sunda, sangkan tetep hirup jeung teu éléh ku waktu.
- 2) Guru, dipiharep bisa nambahann pangaweruh dina ngamekarkeun bahan pangajaran maca ku cara maké simbol-simbol dina upacara rewahan jadi bahan pangajaran.
- 3) Siswa, dipiharep bisa mikawanoh upacara adat nu aya di sabudeureunana jeung maham kana simbol-simbol dina upacara adat Sunda; jeung
- 4) Panalungtik, ieu panalungtikan ngan medar unsur sémiotik dina upacara rewahan, dipiharep aya panalungtikan ngeunaan upacara rewahan dina babagian nu séjén, sangkan panalungtikan ngeunaan upacara rewahan bisa leuwih euyeub.